

Nimewo 30

DEKRÈ EGZEKITIF

**KI MANDE AJANS ETA YO, OTORITE YO, AK ANTITE YO POU PRIYORIZE  
APLIKASYON KÈK FON DISKRESYONÈ POU LOKALITE SA YO KI ANKOURAJE  
KONSTRIKSYON LOJMAN.**

**LÈ NOU KONSIDERE**, pri lojman nan Eta New York fè pati pri ki pi chè nan nasyon an. Pri pou achte yon kay oswa pou lwe yon kay se akòz, an pati, politik gouvènman lokal penib ki anpeche yon fason eksèsif devlopman lojman an jeneral oswa entèdi apwobasyon kèk pwopozisyon lojman, kidonk sa ki ogmante depans devlopman epi mete restriksyon sou rezèv lojman an;

**LÈ NOU KONSIDERE**, politik, pratik, ak desizyon lokal ki anpeche devlopman lojman, patikilyèman pwodiksyon inite pou plizyè fanmi, anpeche kwasans anplwa; ogmante chète lavi a; kontribye nan etalman; agrave pwoblèm sikilasyon ak tan pou vwayaje; epi limite chwa lojman pou fanmi ki gen revni fèb yo ak moun koulè ki depann sou lojman pou plizyè fanmi yon fason ki pa pwopòsyonèl pou bay yo opòtinite lojman yo kapab peye; konsa, politik, pratik, ak desizyon sa yo lakoz konsekans sanzatann sou sante piblik, sekirite, ak byennèt jeneral kominote a;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta a manke enfòmasyon enpòtan konsènan planifikasyon lokal, itilizasyon tè, ak pratik dekoupaj an zòn, ansanm ak konsènan pwodiksyon lojman, tout sa yo nesesè pou Eta a ede lokalite yo nan devlopman lojman epi pou idantifye ak repare obstak nan kwasans lojman nan tout New York;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta a gen diskresyon konsènan priyorite nan sèten finansman Eta a bay sou yon baz konpetitif pou aplikan yo ki ka gen ladan antite minisipal gouvènmantral yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta a gen otorite pou bay priyorite kèk lajan diskresyonè pou ede pwomouvwa enterè enpòtan eta yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, se yon kesyon prewokipasyon Eta a ak politik Eta a pou lokalite yo ak antite minisipal yo sipòte oswa kontwole yo dwe kòmanse pran dispozisyon pou adrese politik, pratik, ak desizyon sou lojman lokal ki gen twòp restriksyon pou pi byen asire ak kenbe sante sekirite, ak byennèt piblik la ak komiote a an jeneral, epi ankouraje ak sipòte pwodiksyon lojman atravè New York, espesyalman devlopman lojman miltifamilyal, ki abòdab, ak bay sipò.;

**KOUNYE A, ANKONSEKANS, MWEN, KATHY HOCHUL**, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd, ki anvigè jiskaske mwen kapab deklare kòm swit:

Definisyon:

- a. "Antite Eta a Ki Afekte yo" (Affected State Entities) vle di (i) tout ajans ak depatman kote Gouvènè a gen otorite egzekitif, epi (ii) tout kòporasyon ki bay avantaj piblik, otorite piblik yo, komite yo, ak komisyon kote Gouvènè a nonmen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa majorite Manm Komite yo, sof pou Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey), nenpòt otorite entè-eta oswa entènasyonal jan yo defini nan seksyon de nan lwa sou otorite piblik yo, ak nenpòt otorite lokal yo jan yo defini nan seksyon de nan lwa sou otorite piblik yo.
- b. "Lokalite" pral refere a tout vil, ti vil, oswa vilaj ki kontwole planifikasyon, itilizasyon tè, dekoupaj an zòn, ak/oswa kwasans ak devlopman lokal ak rejyonal dapre lwa jeneral sou vil la, lwa sou ti vil la, lwa sou vilaj la, lwa sou règ otonomi minisipal la, oswa lòt lwa eta a, jan sa aplikab.
- c "Divizyon an" fè referans ak Divizyon Renouvèlman Lojman ak Kominote.
- d "Pwogram Kominotè pou Lojman" gen ladan l:

i. pwogram sa yo:

- A. Inisyativ Revitalizasyon Anbalavil la (Downtown Revitalization Initiative), ki administre pa Depatman Deta (Department of State) a;
- B. pwogram NY Forward la ki administre pa Depatman Deta;
- C. pwogram Fon Kapital Konsèy Rejyonal la ki administre pa Empire State Development;
- D. pwogram New York Main Street la ki administre pa Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la;
- E. nenpòt sibvansyon kapital yo te fè dapre pwogram Market New York la ki administre pa Empire State Development;
- F. Fon Envestisman Long Island (Long Island Investment Fund, LIIF) ki administre pa Empire State Development;
- G. Mid-Hudson Momentum Fund ki administre pa Empire State Development;
- H. Pwogram Amelyorasyon Modènizasyon (Modernization Enhancement Program, MEP) Transpòtasyon Piblik ki administre pa Depatman Transpò a;

ii. nenpòt lòt pwogram kote afektasyon aktyèl la oswa nenpòt lòt alavni pou pwogram sa a deziyen li kòm yon Pwogram Kominotè Pwo-Lojman (Pro-Housing Community Program).

e "Sètifika Pwogram Kominotè Pwo-Lojman vle di yon sètifika Divizyon an akòde, ki baze sou kritè ke Divizyon an dwe tabli, ke yon Lokal te pran dispozisyon pou priyorize kwasans lojman epi bay Divizyon an enfòmasyon ki gen rapò jan yo jije sa nesèsè. Divizyon an ap gen diskresyon pou etabli plizyè nivo Sètifika Pwogram Kominotè Pwo-Lojman pou fè distenksyon ant Lokalite yo ki baze sou kritè oswa konbyen kritè Divizyon an etabli epi ke Lokalite yo satisfè. Anplis de sa, kondisyon sa yo dwe aplike tou:

- i. "Lokalite Sètifye" dwe refere ak yon lokalite ki te resevwa yon Sètifika Pwogram Kominote Pwo-Lojman nan men Divizyon an; epi
- ii. "Lokalite ki Pa Sètifye" dwe refere ak yon lokalite ki pa resevwa yon Sètifika Pwogram Kominote Pwo-Lojman nan men Divizyon an.

2. Yon Antite Eta ki Afekte ki administre nenpòt Pwogram Kominotè Pwo-Lojman an dwe priyorize pami aplikasyon Lokalite yo ki sètifye yo pou lajan sa yo bay aplikasyon Lokalite yo ki fèt pa Lokalite Sètifye yo, epi li pral bay plis priyorite nan mitan Lokal sètifye yo dapre nivo Sètifika Pwogram Kominotè Pwo-Lojman chak Lokalite Sètifye te resevwa nan men Divizyon an. Akondisyon, sepandan, aplikasyon ki fèt pa Lokalite ki pa Sètifye yo pa pral depriyorize yo parapò ak aplikasyon ki soti nan Lokalite ki Sètifye yo si aplikasyon ki soti nan lokalite ki pa sètifye yo eksprèsman se pou finans devlopman lojman, ki gen ladan devlopman pou itilizasyon miks ki gen eleman lojman, oswa ki ta finans envestisman ki pa nan lojman ki nesèsè pou yon devlopman lojman an patikilye. Akondisyon ke paragaf sa a ap aplike sèlman si Divizyon an te kòmanse bay Sètifika Pwogram Kominotè Pwo-Lojman an nan moman yon Antite Eta ki Afekte ap konsidere aplikasyon pou yon Pwogram Kominotè Pwo-Lojman.

3. Tout Antite Eta ki Afekte yo dwe konsidere objektif pou yo kreye lojman adisyonèl nan nenpòt politik oswa desizyon pwogram yo epi, lè sa apwopriye, yo pral kolabore ak lòt Antite Eta ki Afekte yo pou reyalize objektif sa a.

4. Tout Antite Eta ki Afekte yo dwe revize oswa kolabore nan revizyon nenpòt pasèl tè ki devlope ak tè ki pa devlope ki anba pwopriyete ak kontwòl pou idantifye sit potansyèl pou devlopman lojman ak detèmine si nenpòt pasèl sa yo ta ka itilize pou ede ak devlopman lojman sou pasèl adjasan oswa ki tou pre. Revizyon sa a dwe gen ladan, men pa limite a sa ki annapre yo:

- a. pakèt ki posede ak kontwole pa State University of New York oswa nenpòt nan filyal li yo;

b. pasèl ki posede ak kontwole pa Otorite Transpò Metwopoliten an oswa nenpòt filyal ladan l, ki gen ladan men pa limite a pakin ki egziste deja; epi

b. pasèl ki posede ak kontwole pa Otorite Transpò Metwopoliten Eta New York la oswa nenpòt filyal ladan l, ki gen ladan men pa limite a pakin ki egziste deja.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil  
Albany nan dizuityèm jou mwa jiyè nan  
ane de mil venntwa.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a